

26 septanm

Piga nou sèvi mal ak non Senyè a, Bondye nou an, paske Senyè a p ap manke pa pini moun ki sèvi mal avèk non li. Egzòd 20. 7

Chante pou Senyè a, fè lwanj li ! Chak jou, fè konnen jan li delivre nou. Sòm 96. 2

Pawòl 3 : Piga nou sèvi mal ak non Senyè a

Poutèt pawòl sa, kèk Jwif relijye pa janm pwononse non Bondye. Men Bondye pa t entèdi moun pwononse non li. Okontrè, pwofèt yo ak apot yo envite nou lapriyè pandan n ap site non sa : “Nenpòt moun ki rele non Senyè a, y ap sove” (Jowèl 2. 32 ; Travay 2. 21 ; Women 10. 13). Piga nou site non Bondye pou granmèsi, pa sèvi ak li pou nou bay manti oswa demi verite ak entansyon pou nou montre ke nou vo kichòy oubyen pou nou twonpe moun, se sa Bondye mande. Konsa, non sèlman kòmandman sa entèdi moun fè sèman, men tou fo sèman. Non Bondye pa kapab site nonplis tou pou montre pouvwa ke li ban nou, tankou garanti pwoteksyon nou, oswa pou nou fè presyon sou lòt moun.

Kreyen an pa dwe bliye ke se bèl non Kris la ke li pote : mo “kreyen” an soti nan non sa ! Petèt tou piti, li kapab montre karaktè Kris la nan konpòtman ak nan relasyon li yo, li fè konnen non Jezi, sèl non ki kapab sove (Travay 4. 12). Sa ki karakterize kilti aktyèl nou an sè ke yo bliye non Bondye. Eske nou t ava wont temwaye lafwa nou ? Eske nou sonje ke lè nou selebre non Bondye, leve non Jezi byen wo, “bèl non ke nou te rele a”, (Jak 2. 7) se yon sous lajwa, lapè, e glorifye Bondye nou an. “Senyè !... se pou ou menm sèl” (Sòm 115. 1).

26

septembre

Tu ne prendras pas le nom de l'Éternel, ton Dieu, en vain ; car l'Éternel ne tiendra pas pour innocent celui qui aura pris son nom en vain. Exode 20. 7

Chantez à l'Éternel, bénissez son nom, annoncez de jour en jour son salut ! Psaume 96. 2

Parole 3 : Ne pas prendre le nom de Dieu en vain

À cause de cette parole, certains Juifs pratiquants ne prononcent jamais directement le nom de Dieu. Mais Dieu n'interdit pas de prononcer son nom. Au contraire, les prophètes et les apôtres nous invitent à prier en prononçant ce nom : "Quiconque invoquera le nom du Seigneur sera sauvé" (Joël 2. 32 ; Actes 2. 21 ; Romains 10. 13). Ne pas prononcer le nom de Dieu avec légèreté, ne pas s'en servir pour affirmer des mensonges ou des demi-vérités avec l'intention de se faire valoir ou de tromper, voilà ce que Dieu demande. Ainsi, ce commandement interdisait non seulement les jurons, mais aussi les faux serments. Le nom de Dieu ne peut pas non plus être invoqué comme étant porteur de pouvoirs mis à notre disposition, comme un gage de protection, ou pour faire pression sur les autres.

Le chrétien ne doit pas oublier qu'il est porteur du beau nom du Christ : le mot "chrétien" vient de ce nom ! Faiblement peut-être, il rend visibles les caractères du Christ dans sa conduite et ses relations, il fait connaître ce nom de Jésus, le seul par lequel on peut être sauvé (Actes 4. 12). Notre culture actuelle est plutôt caractérisée par l'oubli du nom de Dieu. Aurions-nous honte de témoigner de notre foi ? Souvenons-nous que célébrer le nom de Dieu, exalter le nom de Jésus, ce "beau nom qui a été invoqué" sur nous (Jacques 2. 7) est source de joie, de paix, et glorifie notre Dieu. "Éternel !... À ton nom donne gloire !" (Psaume 115. 1).